



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GID BANKÈ POU SOULAJE CHAY FINANSYE POU MOUN SIKLÒN FIONA TE AFEKTE

Yo mande bank yo pou yo pran dispozisyon pou sipòte moun ak biznis siklòn Fiona afekte, tankou anile frè ATM yo, akselere transmisyon lajan, ak anile frè reta

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo aksyon pou angaje endistri sèvis finansye New York la pou sipòte rezidan Pòtoriko yo apre siklòn Fiona. Depatman Sèvis Finansye a te pibliye gid ki ap mande bank ki gen yon kontra avèk Eta New York pou pran mezi pou kapab asiste konsomatè ak biznis yo siklòn nan te afekte, sa ki enkli elimine frè ATM ak frè reta yo, epi ogmante limit retrè ATM yo ak fasilite ak akselere transmisyon fon yo. Aksyon sa yo pral ede soulaje fado finansye pou anpil Nouyòkè k ap chèche sipòte fanmi ak zanmi nan Pòtoriko, ansanm ak nenpòt moun ki nan Pòtoriko ki gen kont nan bank New York.

"Pandan ke Pòto Riko ak Zil Vyèj Ameriken yo ap rekonstwi apre devastasyon siklòn Fiona te lakòz, yo nan nesosite kritik pou yon pakèt seri resous ak asirans, epi nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou ede", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou ede frè ak sè nou yo ki sou zile Pòtoriko pandan moman kriz sa, epi aksyon sa yo ki anonse jodi a ap ofri sipò ak asistans finansye adisyonèl ki soti nan New York pou ede yo sou wout retablisman an".

Sirentandan Depatman Sèvis Finansye Eta New York la, Adrienne A. Harris, te deklare, "Aksyon yo pran jodi a pral asire ke bank ki fè biznis sou zile a pran mezi rezonab pou bay sipò enpòtan pou moun ak biznis Pòtoriko yo pandan y ap kòmanse efò pou rekipere apre katastwòf natirèl devastè sa a".

Nan gid pou bank yo ke yo te pibliye jodi a, Sirentandan Sèvis Finansye a, Harris, te mande pou yo antreprann tout efò rezonab ak pridan yo pou kapab ede kliyan yo ke siklòn nan afekte, epi efò ki ankouraje yo, ki enkli sa nou pral di la yo:

- Elimine frè ATM yo;
- Elimine frè defisi yo;
- Fasilite restriksyon sou chanjman chèk ki soti an deyò eta ak sa ki pa pou kliyan yo;
- Fasilite tèm kredi yo pou nouvo prè yo;

- Ogmante limit kat kredi yo pou kliyan ki kalifye pou kredi yo;
- Elimine frè reta yo pou kat kredi ak lòt balans prè yo;
- Ofri akomodasyon peman yo, tankou pèmèt kliyan ki gen prè yo pou koupe oswa evite fè kèk peman oswa pwolonje dat delè peman yo, sa ki pral evite delenkans ak rapò ajans kredi negatif ki koze pa entèripsyon ki gen rapò ak dezast yo; epi
- Travay an kolaborasyon ak transmètè lajan yo ansanm ak lòt biznis sèvis lajan yo pou kapab fasilite epi akselere transmisyon finansman yo ak disponibilite lajan kach pou sila yo siklòn Maria ak Irma afekte.

Ou kapab jwenn yon kopi gid pou bank yo [isit la](#).

Depi Siklòn Maria, New York te ede Pòtoriko jwenn plizyè milya dola nan finansman federal nan men FEMA pou retabli ak rekonstwi enfrastrikti enèji zile a, anplis ke NYPA ap fè evalyasyon teknik santral elektrik ak sou-estasyon nan zile a. Apre siklòn Fiona, ki se pi move tanpèt ki te frape zile a depi apre siklòn Maria, Gouvènè Hochul te anonse [mezi Eta New York yo](#) pou ede Pòtoriko nan efò sekou yo. Efò sa yo ranfòse davantaj angajman long dat New York pou ede Pòtoriko nan rekonstriksyon ak rekipèasyon li.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418